Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO POLITIK POU ELIMINE RESTRIKSYON KI DEMODE SOU DANS NAN BA AK RESTORAN YO

Otorite Alkòl Eta Nouyòk la p ap mande ni yo p ap egzamine ankò enfòmasyon ki konsène kliyan k ap danse lè yon biznis ap fè demann lisans pou yo konsome alkòl sou plas

Chanjman senplifye pwosesis pou ba ak restoran yo pandan l ap sipòte endistri Otelri Nouyòk la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo règleman pou elimine restriksyon ki demode sou dans nan ba ak restoran yo. Apati kounye a, Otorite Alkòl Eta Nouyòk (New York State Liquor Authority, SLA) p ap egzije moun k ap fè demann yo deklare si kliyan yo ap gen dwa danse, ni yo p ap egzamine ankò kesyon ki nan fòmilè a ki pale sou kliyan k ap danse lè y ap analize demann lisans pou moun konsome alkòl sou plas. Chanjman politik sa a apiye sou efò pi laj Gouvènè Hochul yo pou sipòte pèfòmans an direk, atizay ak amizman atravè Nouyòk epi pou modènize politik ki gen enpak sou lavi lannwit ak endistri Otelri eta a.

"Endistri Otelri Nouyòk la pa gen parèy, epi restoran, ba ak lavi lanwit nou yo se yon gwo pati nan sa ki fè kominote nou yo tèlman vibran", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou elimine restriksyon demode sa a sou dans, n ap fè li pi fasil pou biznis yo reyisi epi pou Nouyòkè yo ak vizitè yo fè eksperyans enèji ak eksitasyon ki defini eta nou an."

Prezidan Otorite Alkòl Eta Nouyòk la, Lily M. Fan, te deklare, "Gouvènè Hochul te byen presize ke Nouyòk ta dwe sipòte kominote ki aktif, ti biznis k ap pwospere, ak yon endistri Otelri ki reflete fason moun yo viv ak rasanble jodi a. Chanjman sa a fè egzakteman sa. SLA a ta dwe konsantre sou sekirite piblik, kalite lavi, ak fonksyònman jeneral biznis ki gen lisans yo — pa sou si kliyan yo chwazi pou danse. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap kontinye retire baryè ki pa nesesè yo epi sipòte restoran, ba ak lokal ki ede fè kominote Nouyòk yo dinamik, akeyan e plen enèji. Danse bon pou nanm nan. Ann selebre!"

Chanjman enpòtan anba nouvo règleman sa a gen ladan yo:

- SLA a p ap konsidere repons ki gen rapò ak dans kliyan ankò lè y ap evalye aplikasyon pou lisans alkòl sou plas.

- Aplikan yo p ap oblije divilge si y ap pèmèt dans pou kliyan ankò sou aplikasyon lisans Otorite a pou dans nan lokal yo, aplikasyon pou chanjman metòd operasyon, fòm avi minisipal la, kesyonè enterè piblik la ak lòt materyèl ki gen rapò ak yo.
- Kandida yo ka pa reponn oswa kite nenpòt kesyon sa yo vid san sa pa afekte evalyasyon aplikasyon yo a.
- Chanjman règleman sa a aplike pou tout nouvo aplikasyon yo, tankou sa yo ki anba revizyon kounye a ki poko apwouve.

Direktè Egzekitif New York City Hospitality Alliance, Andrew Rigie, ak konseye legal New York City Hospitality Alliance, Robert Bookman ak Max Bookman, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul ak Prezidan Otorite Alkòl Eta a, Fan, paske yo te travay avèk NYC Hospitality Alliance pou retire restriksyon demode sou dans nan pwosesis lisans SLA a – yon etap enpòtan apre yo te fin anile lwa diskriminatwa sou kabarè a nan epòk istorik la. Chanjman sa a baze sou plizyè dizèn ane defans pou demonte restriksyon demode sou dans ak ekspresyon kiltirèl nan Vil Nouyòk. Nouyòkè ak vizitè ki soti toupatou nan mond lan soti pou yo rasanble, selebre, danse, epi fè eksperyans lavi lanwit vibran nou an, epi aksyon sa a ede asire tout moun ka selebre epi konekte pi lib e an sekirite."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Restoran ak Obèj Empire State la, Scott Wexler, te deklare, "Alelouya, Otorite Alkòl Eta a yo deside sispann voye "polisye ki konn ap kontwole moun k ap danse" yo nan ba ak restoran yo nan Nouyòk. Pandan prèske 100 ane depi lè yo te aboli Lwa sou Entèdiksyon Alkolik la (Prohibition), pwopriyetè ak operatè restoran yo te toujou oblije jwenn yon pèmi espesyal nan men Otorite Alkòl la pou yo te ka pèmèt kliyan yo danse. Nan yon sitiyasyon ki te sanble tèt koupe ak yon sèn nan fim "Footloose" la, pwopriyetè biznis yo te blije anpeche kliyan yo danse lè gen mizik jukebox, sinon yo te ka riske yo fèmen lokal la. Gras ak chanjman sa a ki chita sou bon sans, Otorite Alkòl la retire gwo baryè ak lonbraj ki te sou libète pèp Nouyòk la pou l danse – kidonk, ann danse!"

Prezidan Asosyasyon Ba ak Sal Restoran Latino Eta Nouyòk la (New York State Latino Restaurant Bar and Lounge Association) Sandra Jaquez, te deklare, "Pou restoran, ba ak salon ki posede pa minorite nan Nouyòk, mizik ak dans se eleman santral nan fason kominote nou yo rasanble, selebre epi sipòte katye ki vivan yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Prezidan Lily Fan paske yo retire restriksyon demode yo sou dans kliyan yo epi yo pran yon mezi ki lojik pou modènize règleman Otelri Nouyòk yo. Chanjman sa a pral ede ti biznis yo pi byen sèvi kliyan yo, ranfòse koridò komèsyal yo, epi kontinye kontribye nan kilti ak ekonomi kominote yo atravè eta a."

Melissa Fleischut, Prezidant ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta Nouyòk (New York State Restaurant Association) la, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul ak Otorite Alkòl Eta a paske yo adrese pwoblèm biwokrasi regilatwa a. Desizyon jodi a montre angajman kontinyèl yo pou modènize epi mete ajou lwa demode sou alkòl

yo ki rann li difisil pou ouvri epi kenbe yon restoran oswa yon ba. Nou anvi kontinye travay avèk yo pou ede endistri Otelri a pwospere."

Moun ki gen lisans ki gen restriksyon kounye a konsènan dans pou kliyan yo ka aplike pou modifye metòd operasyon yo si yo vle pèmèt dans nan etablisman yo.

SLA a ap kontinye revize chak aplikasyon selon konvenyans ak avantaj piblik la epi metòd operasyon an jeneral, tout pandan l ap aplike tout lwa ak règleman ki gen rapò ak bri, konduit dezòdone ak sekirite piblik. Biznis yo dwe kontinye konfòme yo avèk tout lwa, règleman oswa egzijans zonaj minisipal ki aplikab yo ki gen rapò ak dans, amizman ak itilizasyon espas.

Ou ka jwenn plis konsèy sou nouvo règleman sa a sou **sitwèb SLA a.**

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU